

Deklarasyon moun ki nan kay ansanm men ki separe – Si fanmi an/moun k ap viv nan kay la nan menm adrès avèk youn oswa plis lòt fanmi/moun k ap viv nan kay pou rezon finansye men yo separe, **chak fanmi/moun k ap viv nan kay la dwe renpli** epi siyen yon fòm ki komen men ki apa pou moun k ap viv nan kay la. Ou kapab deklare poukout ou moun k ap viv nan kay ansanm men ki separe.

Pa egzanp, Jane Doe, you pasyan ki pa gen asirans sante ap viv nan menm kay avèk sè li. Depans pou antretien prezans yo nan kay la (sètadi, peman lwaye oswa peman ipotèk, asirans taks pwopriyete, antretien sèvis piblik, elatriye.) se depans yo pataje ment tout lòt depans yo fè apa. Jane Doe kapab deklare yon moun k ap viv nan kay ansanm avèk limen ki separe lè l ap aplike pou SFSDP.

Pasyan ki gen pwoteksyon asirans endependan – Pasyan ki gen asirans endependan ki pa kouvri frè pou peye pou sèvis yo oswa ki kouvri yon pati nan frè yo ka kalifye pou SFSDP. Selon akò klinik lan ak akò kontra asirans endependan an pri pou chak sèvis siplemantè ap chanje men pri a p ap janm plis pasefrè maksimòm gwoup pasyan SFSDP yo dwe peye. Kopeman plan asirans yo ka pi ba pase SFSDP, nan ka konsa n ap reklame lajan ki pi ba a.

Pa egzanp, John Doe, you pasyan ki gen asirans sante resevwa yon sèvis ki gen yon pri \$80 nan barèm frè pou peye. Dapre plan asirans John Doe kopeman an ta pito \$60 pou sèvis la. John Doe te aplike pou SFSDP. Dapre revni fanmi/moun k ap viv lakay akenfòmasyon sou kantite moun li te bay, John Doe nan 150% FPL epi li tonbe nan gwoup 3 SFSDP. Anba DFB, frè \$80 ki anplas pou John peye redui a yon frè \$40 pou sèvis la. Alaplas kopeman \$60, John Doe ap peye pa plis pase frè rabè gwoup SFSDP li ki se \$40 avèk lajan pòch li depi sa pa entèdi nan kondisyonkontra asirans lan.

Wè manm skip klinik lan pou mande fòm aplikasyon pou pwogram rabè nan tablo pri varyab ak lòt fòm ki nesesè yo pou prezante prèv revni moun k ap viv lakay ou.



C. L. Brumback Primary Care Clinics

Health Care District Palm Beach County

MISYON NOU se pou bay sèvis swen sante avèk konpasyon, ki okonplè pou tout moun k ap viv nan Konte Palm Beach, non kolaborasyon ak patenarya, nan yon anviwònman ki respekte kilti tout moun.

OBJEKTIF NOU se pou nou vin "mezon medikal" pou tout pasyan nou yo

KLINIK NOU yo ofri tou konsèy finansye, sèvis sosyal, èd pou pasyan ki pa gen asirans sante pou yo aplike pou pwoteksyon sante, ak asistans nan ACCESS Florida, yon pwogram Depatman Timoun ak Fanmi Florida.

Pou jwenn plis enfòmasyon tanpri ale sou sitwèb
www.BrumbackClinics.org

Pou pran yon randevou nan nenpòt nan klinik swen prensipal nou yo oswa nan klinik dantè nou yo,
call 561-642-1000

Se Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services Administration-HRSA) nan Depatman Sèvis Sante ak Imen Etazini (U.S. Department of Health and Human Services-HHS) ki finanse pwojè sa a anba nimewo sibvansyon H80CS25684 pou Health Center Cluster pou yon montan prim \$7,278,563. Se resous non-gouvènmental ki finanse 83 pouusan nan pwojè total la. Se otè a ki ekri enfòmasyon oswa kontni ak konklizyon sa yo. Nou pa dwe konsidere HRSA, HHS oswa Gouvènman Etazini an pran okenn pozisyon oswa politik ofisyèl parapò ak enfòmasyon sa a, ni nou pa dwe sipoze yo bay okenn andòsman. Klinik C. L. Brumback Primary Care Clinics yo te resevwa kalifikasyon Lwa Federal sou Responsablité (Federal Tort Claims Act - FTCA) ki vin anvígè nan dat 1ye janve 2022.

**PWOGRAM
RABÈ NAN
TABLO
BARÈM PRI
VARYAB**



Pwogrsm Rabè nan Tablo Barèm Pri Varyab (Sliding Fee Scale Discount Program - SFSDP) pbay swen sante avèk rabè pou moun ki pa gen ase mwayer pou peye pou sèvis yo. Pwogram rabè nan tablo barèm pri varyab baze sou kantite moun ki nan fanmi ou/k ap viv lakay ou ak revni yo. Rabè a pral aplike nan sèvis medikal yo, òdonans laboratwa ka famasi. Nou pa konsidere laj, sèks, preferans seksyèl, andikap, peyi kote moun nan soti, oswa kondisyon moun n.

Fason pou kalifye - Pou detèmine si ou kalifye pou pwogram ki bay rabè a, li nesesè pou bay enfòmasyon ki egzat epitou pou prezante dokiman obligatwa yo konsènan revni fani ou/moun k ap viv lakay ou ak kantite moun k ap viv lakay ou (gade dokiman ki admisib yo anba la a). Yon aplikasyon nou apwouve bon pou sis mwa epi l ap ekspire nan moman sa s. W ap bezwen re-aplike avèk prezantasyon dokiman ki ajou konsènan revni fanmi ou/moun k ap viv lakay ou.

Tanpri sonje si ou bay fo enfòmasyon, ou fè fwod epi si nou dekouvre sa, n ap sispann tout sèvis nou ba ou yo avèk rabè epi w ap responsab pou peye kantite lajan total pou sèvis ou resevwa a.



**C. L. Brumback
Primary Care Clinics**
Health Care District Palm Beach County

Pou nou pran avèk presizyo chif revni total moun k ap viv lakay ou, nou bezwen prèv ki montre si ounenm ak/oswa moun k ap viv lakay ou genyen nan moman an:	Dokiman akseptab pou bay avèk aplikasyon an:
Ap travay/anplwaye oswa sou kontra	<p>Souch chèk peman ki kouvri kat dènye semèn yo</p> <p>Fòm verifikasyon revni ki gen siyati patwon an oswa kontrakté a</p> <p>Etadkont labank ki montre depo dirèk ki kouvri de dènye mwa yo</p> <p>Dènye etadkont mansyèl ki soti nan konpansyon travayè, Sekirite Sosyal, kotizasyon Medicaid nan depans, asistans pubblik, avantaj pou sivivan, avantaj pou andikap, revni panson oswa revni retrèt</p>
P ap travay/pa anplwaye epi / oswa p ap resevwa okenn nan sa yo:	
Dokiman ou ka bay pou lòt lajan revni ou touche	Etadkont avèk enterè, dividand, lwave, wayote, revni nan siksesyon ak fidisi, asistans pou edikasyon, panson alimantè, sipò timoun, asistans ou resevwa deyò lakay ou.

Kisa nou konsidere kòm revni? Sa ou touche kòm revni gen ladan nempòt kantite lajan ou resevwa (depo dirèk, chèk oswa lajan kach) pou travay ou fè (salè-pa-èdtan, salè fiks, peman Fòs Lame, Komisyón, poubwa, to-òdonans, travay okazyonèl, travay jounalye, sèvis nan kay (egzanp, jadinaj netwayaj peyizaj, gadri, swen timoun, elatriye, ak bonis an lajan kach ou toucheepi revni ou touche nan travay endependan anvan taks.

Kisa ki detèmine kantite moun ki nan fanmi/k ap viv nan kay? Kantite moun ki nan fanmi/k ap viv nan kay kapab se yon moun, yon gwoup moun ak/oswa youn oswa plis fanmi k ap viv ansanm (oswa ki rete ansanm pou yon ti tan) nan menm adrès la epi ki pataje **responsablitè komèn yo pou antretyen nan kay la**. Responsablitè komèn pou antretyen kay vle di pataje omwen yon repa pa jou oswa itilize zòn komèn (egzanp salon, salamanje, kuizin, elatriye). Moun yo ki nan fanmi an/ kay la pa oblige gen relasyon fanmi dirèk oswa relasyon nanmaryaj. Moun yo ki nan fanmi an/nan kay la gen ladan manm fanmi pwolonje, zanmi, timoun adoptif, lokatè, kamarad chanm, sèvant domestik k ap viv nan kay la oswa **envite/vizitè ki rete nan kay la plis tan pase 30 jou almannak**.

Dapre enfòmasyon ou bay sou revni fanmi moun kap viv lakay ou epi sou kantite moun ki nan fanmi ou/k ap viv lakay ou, entèval Nivo Povrete Federal, pral detemine nivo rabè ou nan pri varyab

Kantite moun ki nan fanmi	≤ 100%	> 101% to 150%	> 151% to 175%	> 176% to 200%	Over 200%
1	\$13,590.00	\$13,590.01 - \$20,385.00	\$20,385.01 - \$23,783.00	\$23,783.01 - \$27,810.00	\$27,810.01
2	\$18,310.00	\$18,310.01 - \$27,465.00	\$27,465.01 - \$32,043.00	\$32,043.01 - \$36,620.00	\$36,620.01
3	\$23,030.00	\$23,030.01 - \$34,545.00	\$34,545.01 - \$40,303.00	\$40,303.01 - \$46,060.00	\$46,060.01
4	\$27,750.00	\$27,750.01 - \$41,625.00	\$41,625.01 - \$48,563.00	\$48,563.01 - \$55,500.00	\$55,500.01
5	\$32,470.00	\$32,470.01 - \$48,705.00	\$48,705.01 - \$56,823.00	\$56,823.01 - \$64,940.00	\$64,940.01
6	\$37,190.00	\$37,190.01 - \$55,785.00	\$55,785.01 - \$65,083.00	\$65,083.01 - \$74,380.00	\$74,380.01
7	\$41,910.00	\$41,910.01 - \$62,865.00	\$62,865.01 - \$73,343.00	\$73,343.01 - \$83,820.00	\$83,820.01
8	\$46,630.00	\$46,630.01 - \$69,945.00	\$69,945.01 - \$81,603.00	\$81,603.01 - \$93,260.00	\$93,260.01

Pou fanmi ki gen plis pace 8 moun, ajoute \$4,720 pou chak moun amplis

Dapre gid revize Povrete Federal (<https://www.federalregister.gov/d/2022-01166>) apati dat 12 janvye 2022)

Definisyon

Verifikasyon revni – Nenpòt manm fanmi an / moun k ap viv nan kay la **ki touche lajan kach** epi **lajan kach li touche a pa endike nan fòm deklarasyon taks sou revni fanmi an/moun k ap viv nan kay la**, Ou dwe bay yon fòm verifikasyon revni ki siyen ak date pou **echak patwon ak chak moun ki pa patwon** (sètadi moun, bizniz, bizniz yo ak/oswa òganizasyon pou sèvis ki gen ladan travay okazyonèl, travay jounalye (sètadi, jadinaj, netwayaj peyizaj, gadri, swen timoun, elatriye).

Mwayen sipò – Si sipò yon manm oswa tout fanmi an/moun k ap viv nan kay la soti nan sous ki pa revni (egzanp, kont kouran, kont epay, kont envertisman, elatriye) epi oswa ou pa kapab detèmine sipò a fasil, fanmi an/moun k ap viv nan kay la dwe bay etadkont pou tout kont yo (egzanp, kont kouran, kont epay, kont envertisman, elatriye ki kouvri dènye mwa a).

Lèt sipò – Si fanmi an/moun k ap viv nan kay la resevwa sipò (lajan kach ak/oswa sipò ki pa lajan kach) nan youn oswa plis sous (moun, biznis ak/oswa òganizasyon), ou dwe bay yon lèt oswa fòm sipò siyen ki soti nan sous ki bay sipò lajan kach la ak/oswa sipò ki pa lajan kach.

